# Kuzvinatsurudza soMudzidzisi Akafanana naKristu—Kuzviongorora Kwako Pachako

Sevadzidzisi, tinofanira kuongorora nguva nenguva kwaniso dzedu neutera hwedu kuitira kuti tikwanise kubatsira vadzidzi kuvaka rutendo muna Jesu Kristu uye kuva saIye zvakanyanya. Chiitwa chinotevera chinokwanisa kukubatsira kushandisa misimboti yekudzidzisa kwakafanana nekwaKristu. Funga pamusoro pekuti chimwe nechimwe chezvirevo zvinotevera chinokutsanangura zvakanaka sei semudzidzisi. Sarudza mhinduro yakanyanya kukodzera kuchirevo chimwe nechimwe: (1) kashoma, (2) dzimwe nguva, (3) kazhinji, (4) dzingangoita nguva dzose.

Zvino, sekutungamirwa kwaunoitwa neMweya, nemunamato sarudza zvinhu zvishoma zvaungada kunatsurudza. Misa zvimwe zvinangwa, uye woshandisa chinyorwa ichi kukubatsira kuzvinatsurudza.

## Nangisa pfungwa panaJesu Kristu

__ Ndinodzidzisa pamusoro paJesu Kristu zvisina mhosva nokuti ndiri kudzidzisa chii.

__ Ndinosimbisa muenzaniso waJesu Kristu.

__ Ndinobatsira vadzidzi kuona rudo, simba, nengoni zvaIshe muupenyu hwavo.

__ Ndinobatsira vadzidzi kusimbisa hukama hwavo naBaba Vokudenga uye naJesu Kristu.

__ Ndinobatsira vadzidzi kuti vaedze nevavariro kuti vave saJesu Kristu zvakanyanya.

## Ida Avo Vaunodzidzisa

__ Ndinoedza kuona vadzidzi semaonerwo avanoitwa naMwari.

__ Ndinotsvaga kuziva avo vandinodzidzisa—kunzwisisa mamiriro ezvinhu avo , zvidikanwi zvavo, uye nekwaniso dzavo.

__ Ndinonamatira vadzidzi nemazita.

__ Ndinoita kuti munhu wese anzwe kuva akachengeteka uye anzwe kuremekedzwa uye kuti pfungwa dzaanogovera dzinokosheswa.

__ Ndinowana nzira dzakakodzera dzokuratidza rudo rwangu.

## Dzidzisa kuburikidza neMweya

__ Ndinozvigadzirira ini pachangu pane zvemweya kuti ndidzidzise.

__ Ndinodavira kufemero dzezvemweya nokuita chimwe chinhu pamusoro pezvidikanwi zvevadzidzi.

__ Ndinoita kuti pave nemamiriro ezvinhu uye mikana yekuti vadzidzi vadzidziswe neMweya Mutsvene.

__ Ndinobatsira vadzidzi kutsvaga, kuona, uye nekuita chimwe chinhu pamusoro pezvakazarurwa zvavo pachavo.

__ Ndinopa uchapupu kazhinji, uye ndinokurudzira vadzidzi kuti vagovere manzwiro avo, zvavakasangana nazvo, uye uchapupu hwavo.

## Dzidzisa Dzidziso

__ Ndinodzidza dzidziso yaJesu Kristu ini pachangu.

__ Ndinodzidzisa kubva mumagwaro matsvene uye mumashoko evaporofita vemazuva ekupedzisira.

__ Ndinobatsira vadzidzi kutsvaga, kuona, nekunzwisisa zvokwadi zviri mumagwaro matsvene.

__ Ndinonangisa pfungwa pazvokwadi zvinotungamira kurutendeuko uye nokuvaka rutendo muna Jesu Kristu.

__ Ndinobatsira vadzidzi kuwana zvinoenderana navo pachavo mudzidziso yaJesu Kristu.

## Kurudzira Kushingaira paKudzidza

__ Ndinobatsira vadzidzi kutaririra kudzidza kwavo pachavo.

__ Ndinokurudzira vadzidzi kuti vasvike pakuziva Muponesi kuburikidza nokunzvera vhangeri zuva nezuva.

__ Ndinokoka vadzidzi kuti vagadzirire kudzidza.

__ Ndinokurudzira vadzidzi kuti vagovere zvokwadi zvavari kudzidza.

__ Ndinokoka vadzidzi kuti vararame izvo zvavari kudzidza.